


Sèvis pou Kriz nan Zafè Sante Konpòtmantal (Behavioral Health, BH)



Tablo sa a montre kisa pou fè lè yon moun New York ap fè fas ak yon kriz BH.



Ekip Sansibilizasyon pou Moun ki Sanzabri (Homeless Outreach Teams)

- Yo sèvi moun tout laj
- Yo bay asistans imedyà, transpò pou ale nanabri, ak jesyon ka pèmanan
- Yo bay aksè pou kabann espesyalize pou tout nwit lan ak estabilizasyon
- Yo evalye kriz medikal ak kriz BH ki ka mande yon entèvansyon annijans
- Yo pa egzije asirans medikal pou yo bay sèvis, epi yo pa ap voye bòdwo bay asirans lan pou moun ki genyen li

Ekip Mobil nan Ka Kriz (Mobile Crisis Teams, MCTs)

- Yo sèvi moun tout laj
- Yo ofri entèvansyon nan ka kriz, yo kalme sitiyaasyon an, yo fè evalyasyon, epi yo mete moun yo an kontak ak kote ki bay tretman ak sipò regilye pou BH
- Yo pa egzije yon dyagnostik maladi mantal oswa twoub konsomasyon sibstans pou yo bay sèvis
- Yo fonksyone soti 8 a.m. rive 8 p.m., sèt jou pa semèn, epi anjeneral yo reponn nan lespas kèk èdtan apre yo resevwa referans nan men 988
- Anjeneral, yo kontakte yon moun k ap fè fas ak yon kriz BH youn a twa (3) fwa pandan youn a de (2) semèn
- Anplwaye yo se klinisyen nan domèn BH ak moun ki viv menm sitiyaasyon
- Yo pa egzije asirans medikal pou yo bay sèvis, men y ap voye bòdwo bay asirans lan pou moun ki genyen li yo

Rezidans pou Ka Kriz

- Yo sèvi moun tout laj
- Yo ofri yon anviwònman familyal ak byenveyan, ki akeyi moun san randevou, ansanm ak sipò 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan men moun ki viv menm sitiyaasyon

- Yo bay sipò endividyèl ak an gwoup, epi yo mete moun yo an kontak ak kote ki bay sèvis tretman ak rekiperasyon an pèmanans
- Sejou yo ka varye ant youn a 28 jou, toudepann de bezwen an

Sant Sipò ak Kontak

- Yo sèvi moun ki gen laj 18 an ak plis
- Yo ofri sèvis BH, ki gen ladann tès depistaj ak evalyasyon, sèvis konsèy, jesyon ka akoutèm, kontak pou swen sante ak sèvis sosyal regilye, sèvis sevraj pou konsomasyon sibstans ki fèt sou siveyans medikal, epi aksè ak naloxone
- Yo bay aksè ak lòt sèvis, tankou manje, douch, lesiv,abri pou lannwit, ak sipò moun ki viv menm sitiyaasyon

Sèvis pou Pasyan Ekstèn

- Yo sèvi moun tout laj
- Yo ofri sèvis sikyatri, jesyon medikaman, ak terapi an pèsòn ak atravè sèvis telemedsin

Pwogram Ijans pou Swen Sikyatrik Konplè (Comprehensive Psychiatric Emergency Programs, CPEPs) ak Depatman Ijans pou Swen Sikyatrik

- Yo sèvi moun tout laj
- Yo ofri evalyasyon sikyatrik ak tretman dijans
- Sikyat yo deside si pou yo admèt moun nan lopital la pou tretman sikyatrik
- CPEP yo gen opsyon adisyonèl ke depatman ijans sikyatrik tradisyonèl yo pa genyen, tankou kabann pou obsèvasyon pwolonje ak sansibilizasyon kominotè pou pasyan yo

Ekip Ko-Entèvansyon (Co-Response Teams, CRTs)

- Yo sèvi moun ki gen pwoblèm BH oswa ki gen twoub sante mantal oswa konsomasyon sibstans epi ki genyen aktyèlman oswa ki konn genyen twoub konpòtman ki agresif, vyolan oswa ki menasan
- Yo ofri sèvis entèvansyon nan ka kriz, teknik pou kalme sitiyaasyon kriz, yo fè evalyasyon, epi yo bay referans pou sèvis BH alontèm
- Anjeneral, yo reponn nan lespas 24 èdtan apre yo resevwa yon referans
- Yo bay sèvis pou 45 jou, toudepann de bezwen an
- Yo gen yon pwofesyonèl nan domèn BH ak de (2) polisye kòm anplwaye

Divizyon Entèvansyon Dijans nan Zafè Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Emergency Assistance Response Division, B-HEARD)

- Yo travay sèt jou pa semèn, 16 èdtan pa jou, nan Harlem, Washington Heights, Inwood, ak kèk pati nan Sid Bronx
- Ekip yo gen ladan yo paramedik ki gen eksperyans nan reponn a yon seri pwoblèm BH, tankou lide swisid, konsomasyon sibstans, ak pwoblèm sante mantal (tankou maladi mantal ki grav)
- Nan sitiyaasyon ijans kote yon moun gen yon zam oswa ki riske blese tèt li oswa fè lòt moun mal, yo voye polisye ak yon anbilans